



Sèvi ak fòm sa a si ou **poko gen 21 lane** epi ou pa kapab bay ase prèv swa nan ID-44 oswa nan ID-82.

Prèv kote ou abite obligatwa avèk tout pèmi ak lisans chofè, REAL ID oswa dokiman amelyore.

- Yon moun ki poko gen 21 lane epi k ap aplike pou yon dokiman REAL ID oswa yon dokiman amelyore, dwe soumèt yon prèv anplis pou kote li abite ki gen non li, oswa non paran oswa responsab legal li avèk deklarasyon sa a ki endike menm adrès la.

Paran oswa responsab legal ou kapab swiv etap annapre la yo pou pwouve idantite ou, adrès ou oswa toulède:

- Ou dwe vini avèk paran ou oswa responsab legal ou nan biwo Veyikil Amotè lè w ap itilize fòm sa a.
- Paran ou oswa responsab legal ou dwe bay enfòmasyon yo ki anba a devan yon Repezantan Depatman Veyikil Amotè ki prezan.
- Ou fèt pou prezante ansanm avèk fòm sa a dokiman ki pwouve dat ou fèt. Si ou aplike pou yon lisans, yon pèmi oswa pou yon kat idantifikasyon ki pa lisans chofè, ou fèt pou satisfè kondisyon Kat Sekirite Sosyal tou ki nan fòm ID-44.
- Ou dwe bay dokiman pou pwouve idantite paran ou oswa responsab legal ou. Paran ou oswa responsab legal ou dwe bay yon lisans chofè Eta New York ki valab, yon pèmi apranti oswa yon kat idantifikasyon ki pa lisans chofè oswa li dwe satisfè kondisyon prèv idantite sou fòm ID-44.
- **ENPÒTAN: PA SIYEN FÒM SA A JOUK LÈ OU RANKONTRE AVÈK YON REPEZANTAN DEPATMAN VEYIKIL AMOTÈ.**

SÈTIFIKASYON

Mwen, _____, konfime antan paran/responsab
(Non Konplè Paran/Responsab Legal)

legal _____, ki abite nan
(Non Konplè Kandida a)

(Adrès)

ke sa se non konplè kandida a api ke li abite nan adrès ki endike anwo a. Dapre tout sa mwen konnen, li pa t jwenn oswa li pa t aplike pou yon pèmi apranti, yon kat idantifikasyon ki pa lisans chofè ni pou yon lisans chofè sou okenn lòt non. Mwen konprann si mwen fè yon fo deklarasyon oswa si mwen soumèt nenpòt fo dokiman pou kore aplikasyon sa a, sa ka jwenn pinisyon kòm yon zak kriminel.

Paran/Responsab Legal Siyen La a _____

Mete la a Non Paran oswa Responsab Legal an Lèt Detache: _____

Nimewo Idantifikasyon nan Lisans Chofè, Pèmi Apranti oswa Kat ID ki pa Lisans Chofè: _____

Ekri ak lèt detache

Adrès Postal _____

ENPÒTAN: PA SIYEN FÒM SA A JOUK LÈ OU RANKONTRE AVÈK YON REPEZANTAN DEPATMAN VEYIKIL AMOTÈ.

SIYATI KANDIDA A _____

OFFICE USE ONLY

Proofs of Identity Presented by Parent/Guardian:

- Birth Certificate NYS Photo Document DHS Document(s) Major Credit Card
- Foreign Passport US Passport Utility Bill Social Security Card ATM Card
- Other: _____

Signature of Person Accepting Proof _____ Date: _____